



Kesyon yo Poze Souvan

Enfòmasyon sou Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a

Vèsyon Pwolonje

Ane Akademik 2025-2026




5 Bagay Prensipal Fanmi yo Ta Dwe Konnen

1. Tout fanmi ki gen elèv nan klas jadendanfan, premye ane, dezyèm ane, twazyèm ane, oswa katriyèm ane ki enskri nan yon lekòl leta Vil Nouyòk (ki gen ladan yo lekòl endepandan [charter schools] k ap patisipe yo), elijib pou patisipe nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite (Save for College Program), kèlkeswa revni oswa estati imigrasyon yo.
2. Si li elijib, pitit ou a ap **enskri otomatikman** nan Pwogram nan, sof si w ta chwazi pa patisipe.
3. Lè w fin enskri, w ap resevwa yon Ti Liv Byenvini ki gen enfòmasyon sou fason pou aktive Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) gratis pitit ou a ki gen yon montan inisyal \$100 sou li ke NYC Kids RISE depoze nan non pitit ou a.
4. Lè w fin aktive Kont Bousdetid NYC pitit ou a, ou ka pase lòt etap fondamantal yo—yo rele yo Blòk Konstriksyon—pou w resevwa rekonpans adisyonèl.
5. Lajan ki nan Kont Bousdetid NYC la ka sèvi pou yon varyete depans pou inivèsite ak fòmasyon pwofesyonèl.

Kontni

ELEMAN DEBAZ PWOGRAM NAN	1
ELIJIBILITE AK PATISIPASYON	3
KONT BOUSDETID NYC (NYC SCHOLARSHIP ACCOUNT)	5
PWÒP KONT DEPAY PA W POU INIVÈSITE	9
KORESPONDANS DEPAY LA	11

Pwogram Ekonomize pou Inivèsite (Save for College Program) NYC Kids RISE la se yon pwogram bousdetid ak epay ke NYC Kids RISE Inc., yon òganizasyon ki pa gen kòm objektif pou fè pwofi, jere nan patenarya ak Depatman Edikasyon NYC (NYC Department of Education, DOE) ak Vil New York la. NYC Kids RISE pa ni afilye avèk, ni yon distribitè otorize pou, New York's 529 College Savings Program ni nonplis tou li pa solisite investisman ni founi konsèy sou investisman. Vil New York la ak Depatman Edikasyon NYC pa ofri okenn andòsman oswa rekòmandasyon pou, ni yo pa kontwole, posede oswa afilye avèk Jesyonè Pwogram NY 529 la ak nenpòt opsyon espesifik pou epay pou inivèsite oswa lòt mwayen investisman, ki enkli opsyon oswa mwayen ke fanmi yo gen dwa vin konnen atravè Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a.



ELEMAN DEBAZ PWOGRAM NAN

1. Kisa Pwogram Ekonomize pou Inivèsite (Save for College Program) NYC Kids RISE la ye?

Pwogram Ekonomize pou Inivèsite NYC Kids RISE la se yon pwogram bousdetid ak epay ki fèt pou rann inivèsite ak fòmasyon pwofesyonèl pi aksesib pou tout elèv lekòl leta Vil Nouyòk yo kèlkeswa revni oswa estati imigrasyon fanmi yo.

Apati jadendanfan, tout elèv ki enskri nan yon lekòl leta Vil Nouyòk (ki gen ladan yo lekòl endepandan [charter schools] k ap patisipe yo), resevwa otomatikman yon Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) ki gen yon montan inisyal \$100 yo depoze pou fòmasyon siperyè yo, sof si paran oswa responsab legal yo “chwazi pa patisipe” nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite nan. Fanmi yo kapab resevwa rekonpans bousdetid adisyonèl ke y ap depoze sou kont sa a lè yo louvri ak/oswa konekte yon kont depay pou inivèsite ak karyè ke yo genyen nan non pitit yo a nan kad Pwogram nan. Apresa, fanmi yo ka kòmanse ekonomize nan fason ak montan ki fè sans pou sikonstans finansyè yo. Kominote yo ka kontribiye ansanm tou pou yo mete lajan anplis sou gwoup Kont Bousdetid NYC elèv yo atravè Bousdetid Kominotè yo pou demontre ke kominote yo a ap sipòte reyisit chak timoun.

Lajan yo depoze sou Kont Bousdetid NYC yo investi nan yon kont New York's 529 College Savings Program *Direct Plan*¹ ke NYC Kids RISE, yon òganizasyon ki pa gen kòm objektif pou fè pwofi, posede epi jere, nan non elèv k ap patisipe yo.

Globalman, Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a pèmèt paran ak responsab legal yo, manm fanmi yo, zanmi yo, lekòl yo, kominote yo, biznis yo ak gouvènman an travay ansanm pou kreye patrimwàn epi sipòte siksè edikatif ak ekonomik yo espere pou chak timoun.

¹ NYC Kids RISE pa ni afilye avèk, ni li pa yon distribitè otorize pou, New York's 529 College Savings Program ni nonplis tou li pa solisite investisman ni li pa bay konsèy sou investisman. Vil New York la ak Depatman Edikasyon NYC (NYC Department of Education, DOE) pa ofri okenn andòsman oswa rekòmandasyon pou, ni yo pa kontwole, posede oswa afilye avèk Jesyonè Pwogram NY 529 la ak nenpòt opsyon espesifik pou epay pou inivèsite oswa lòt mwayen investisman, ki enkli opsyon oswa mwayen ke fanmi yo gen dwa vin konnen atravè Pwogram Ekonomize pou Inivèsite nan.

2. Kijan pati “bousdetid” la nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a (Save for College Program) fonksyone?

Yon fwa pitit ou a fin enskri nan Pwogram nan, NYC Kids RISE ap kreye yon Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) epi depoze \$100 sou li otomatikman pou avni edikatif pitit ou a. Paran ak responsab legal yo pa ka fè depo ni retire lajan sou Kont Bousdetid NYC yo, ke elèv k ap patisipe a ka itilize sèlman pou depans pou edikasyon siperyè ki kalifye yo apre li fin gradye. Apre yon tan, NYC Kids RISE pral ofri opòtinite pou fanmi w jwenn plis lajan pou Kont Bousdetid NYC pitit ou a. Òganizasyon kominotè yo, biznis yo, vwazen yo ak lòt antite yo kapab fè depo sou Kont Bousdetid NYC plizyè gwoup elèv yo pou ede pitit yo rive atenn objektif inivèsite ak karyè li.

NYC Kids RISE, yon òganizasyon ki pa gen kòm objektif pou fè pwofi, posede epi jere lajan bousdetid yo sou non elèv k ap patisipe yo, epi li investè lajan sa yo nan NY 529 *Direct Plan*, yon tip kont investisman ki fèt espesyalman pou ede ekonomize pou edikasyon siperyè. Kont Bousdetid NYC yo ka genyen oswa pèdi lajan ofiramezi tan ap pase, selon mache finansye yo ak randman investisman an.

Si w se paran oswa responsab legal yon timoun ki elijib, toutotan ou pa chwazi soti nan pwogram nan, NYC Kids RISE ap kreye epi depoze lajan sou Kont Bousdetid NYC sa a sou non pitit ou a. W ap resevwa yon Ti Liv Byenvini ke NYC Kids RISE voye ba ou lè Kont Bousdetid NYC pitit ou a kreye. Pou aktive epi afiche lajan bousdetid ki depoze sou Kont Bousdetid NYC pitit ou a detanzantan:

- Ou **PA** oblije depoze lajan
- Ou **PA** oblije bay Nimewo Sekirite Sosyal (Social Security Number, SSN) ou, Nimewo Idantifikasyon Fiskal Endividyèl (Individual Taxpayer Identification Number, ITIN) ou, enfòmasyon kont labank ou ni kat kredi w
- Ou **PAP** gen pou w bay enfòmasyon ekonomik ou ni enfòmasyon sou estati imigrasyon w
- **PA** gen revni maksimòm ni minimòm pou patisipe

3. Kijan pati “ekonomize” a nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a (Save for College Program) fonksyone?

Apre pitit ou a fin resevwa Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) li a, w ap resevwa plis enfòmasyon sou fason pou w kreye yon plan pou ekonomize pou inivèsite ak karyè ki bon pou ou ak pou fanmi w. Pou w ogmante lajan ki investè sou Kont Bousdetid NYC pitit ou a, ou ka louvri epi/oswa konekte yon kont epay pou inivèsite ak karyè ke w posede nan avantaj pitit ou a atravè Pwogram nan.

Kontrèman ak Kont Bousdetid NYC la kote se NYC Kids RISE ki posede l epi jere l, se fanmi ou ki posede kont ke ou konekte a. Ou menm, manm fanmi w ak zanmi w ka kontribye dirèkteman nan kont sa a. Selon ki tip kont epay ou chwazi a, fanmi w ka swiv pwòp balans kont epay ou a ansanm avèk Kont Bousdetid NYC pitit ou a sou entènèt, atravè platfòm Siveyans Epay (Savings Tracker) la (yon pòtay sou entènèt kote paran/responsab legal yo ka wè Kont Bousdetid NYC pitit yo a) NYC Kids RISE la.

Jwenn plis enfòmasyon sou opsyon kont depay ou yo lè w ale sou sitwèb nyckr.org/options-faq, patisipe nan yon atelye vityèl NYC Kids RISE nan nyckr.org/events-faq, lè w rele liy asistans telefonik nou an nan 833-KID-RISE (833-543-7473), lè w voye imèl ban nou nan info@nyckidsrise.org, oswa lè w pran randevou pou pale ak yon reprezantan NYC Kids RISE.

Epitou, ou ka pran yon randevou pou konsèy finansye gratis nan yon Sant Otonomizasyon Finansye NYC (NYC Financial Empowerment Center). Pran yo randevou nan nyc.gov/talkmoney.

4. Poukisa yo te kreye Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a (Save for College Program)?

Li ka difisil pou ekonomize pou avni edikatif yon timoun. Pou anpil fanmi, voye pitit yo nan inivèsite ka parèt tankou yon bagay yo pa janm ka reyalize. NYC Kids RISE, nan patenarya avèk Vil New York la ak Lekòl Leta Vil Nouyòk yo (NYC Public Schools), te kòmanse Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a pou ede fanmi yo kòmanse ekonomize epi planifye pou inivèsite ak fòmasyon pwofesyonèl depi premye jou lekòl pitit yo. Rechèch yo demontre ke timoun ki gen yon kont depay pou inivèsite ki gen ant \$1 ak \$500 gen twa fwa plis chans pou yo enskri nan inivèsite epi plis pase kat fwa plis chans pou yo gradye. Rechèch yo demontre tou ke timoun ki ale nan inivèsite touche yon salè ki pi wo lontan nan lavi yo epi yo gen mwens chans pou yo nan chomaj.

5. Kiyès ki elijib pou patisipe nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a (Save for College Program)?

Apati ane akademik 2025-2026 lan, tout elèv ki nan jadendanfan, klas premye ane, dezyèm ane, twazyèm ane, ak katriyèm ane ki enskri nan yon lekòl leta Vil Nouyòk (ki gen ladan yo lekòl endepandan [charter schools] k ap patisipe yo) kapab patisipe, kèlkeswa revni oswa estati imigrasyon fanmi yo.

Tout elèv ki nan klas jadendanfan jiska klas senkyèm ane nan 39 lekòl pilòt nan rejyon jeyografik Lekòl Distri 30 yo elijib pou patisipe.

Elèv ki elijib yo dwe frekante yon lekòl ki fè pati pwogram nan pandan omwen 60 jou pou yo ka enskri nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a. Sof si w ta chwazi pa patisipe nan Pwogram nan, pitit ki elijib ou a ap otomatikman enskri nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite lan nan mwa Septanm lan oswa mwa Janvyè a. NYC Kids RISE ap kreye yon Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) ki gen yon montan inisyal \$100 sou non pitit ou a.

6. Kijan pou mwen patisipe?

Si pitit ou a elijib, li fasil pou w kòmanse avèk Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a! Men kijan:

- **Ann timer pa fè anyen** lè w resevwa avi lekòl pitit ou a bay ki endike pwosesis pou chwazi pa patisipe a kòmanse (w ap resevwa enfòmasyon sou pwosesis pou chwazi pa patisipe a nan moman sa a).
- Apre pwosesis pou Chwazi Pa Patisipe a, pitit ou a ap enskri otomatikman nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite (Save for College Program) nan epi NYC Kids RISE ap kreye yon Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) ki gen yon montan inisyal \$100 sou non pitit ou a.
- W ap resevwa yon **Ti Liv Byenvini** ki gen enfòmasyon ak enstriksyon adisyonèl NYC Kids RISE voye. Si w pa chwazi pou pa patisipe pandan sezon otòn nan, ou ta dwe kapab aktive kont pitit ou a nan kòmansman mwa Janvyè ane ki fèk antre a. (Espas tan kote w ka aktive kont pitit ou a ka varye si w enskri nan yon dat ki pi ta.)
- Apre w fin resevwa Ti Liv Byenvini w la, ale sou nyckr.org/activate-faq pou **aktive** Kont Bousdetid NYC pitit ou a. Apre w fin enskri sou platfòm anliy lan, Siveyans Epay (Savings Tracker) a, w ap kapab kontwòl Kont Bousdetid NYC pitit ou a detanzantan. W ap resevwa enfòmasyon tou sou fason pou w franchi etap fondamantal yo nan Pwogram nan.

7. Kilè mwen kapab aktive Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) gratis pitit mwen an?

Pitit mwen an fèk kòmanse jadendanfan, klas 1ye, 2yèm, 3yèm oswa 4yèm ane nan yon lekòl leta Vil Nouyòk (oswa yon lekòl endepandan [charter school] k ap patisipe) pou premye fwa pandan sezon otòn 2025 lan:

W ap kapab aktive ak afiche Kont Bousdetid NYC pitit ou a nan mwa **Janvyè 2026!** Lekòl ou a ansanm ak NYC Kids RISE pral fè w konnen lè kont pitit ou a pare pou aktive.

Si ou deja aktive yon Kont Bousdetid NYC pou yon lòt timoun, w ap kapab konekte w anko sou sitwèb nyckr.org/login-faq sou Siveyans Epay (Savings Tracker) a epi pou ajoute timoun ki elijib ou a nan mwa Janvyè a.



Pou kounye a, jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram lan nan nyckr.org/start-faq oswa patisipe nan yon atelye vityèl nan nyckr.org/events-faq.

Pitit mwen an aktyèlman nan klas 1ye, 2yèm, 3yèm oswa 4yèm ane epi li te nan yon lekòl leta Vil Nouyòk (oswa yon lekòl endepandan [charter school] k ap patisipe) pandan ane lekòl ki sot pase a nan Ane Akademik 2024-2025 lan:

Konpliman! Si w pa t deside soti nan Pwogram nan, pitit ou deja genyen yon Kont Bousdetid NYC gratis ak yon montan **inisyal \$100** pou inivèsite ak fòmasyon pwofesyonèl. Swiv etap ki pi ba yo pou aktive ak afiche kont lan epi pou **genyen \$25 anplis**.



Ale sou sitwèb nyckr.org/register-faq. Antre kòd postal lakay pitit ou a, dat nesans li, ak Nimewo Idantifikasyon Elèv li. Apresa, klike sou "Soumèt" (Submit). Ou kapab mande lekòl ou a pou sipò tou!

8. Kijan estati imigrasyon afekte kapasite pitit mwen an pou li patisipe?

Li pa afekte ! Tout elèv ki elijib ka patisipe nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite (Save for College Program) nan kèlkeswa estati imigrasyon yo.

Fanmi yo **pa** bezwen bay yon Nimewo Sekirite Sosyal (Social Security Number, SSN) oswa Nimewo Idantifikasyon Fiskal Endividyèl (Individual Taxpayer Identification Number, ITIN) pou pitit yo a enskri nan pwogram nan epi resevwa yon Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account).

Sepandan, lè w ap reflechi pou w louvri yon kont epay pou inivèsite ak karyè ke w posede pou avantaj pitit ou a pou ekonomize ansanm avèk Kont Bousdetid NYC lan, tanpri, sonje ke opsyon kont epay yo egzije swa yon SSN oswa yon ITIN pou w louvri l. Anplis de sa, si w chwazi louvri epi konekte yon kont NY 529 *Direct Plan* kòm opsyon kont epay ou, ou dwe satisfè definisyon Sèvis Revni Entèn (Internal Revenue Service, IRS) pou yon sitwayen ameriken oswa rezidan pèmanan ki gen yon adrès ki verifye nan peyi Etazini.

Ou **pa** oblije louvri pwòp kont ou pou pitit ou a ka resevwa Kont Bousdetid NYC gratis ke NYC Kids RISE kreye epi jere sou non pitit ou a.

9. Si mwen pa chwazi pou m pa patisipe, ki enfòmasyon NYC Kids RISE resevwa sou mwen ak pitit mwen pou enskri pitit mwen nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a (Save for College Program)?

NYC Kids RISE resevwa enfòmasyon sa yo nan men Lekòl Leta Vil Nouyòk yo (NYC Public Schools) pou tout elèv ki patisipe:

- Nimewo idantifikasyon elèv la ki inik pou Pwogram nan;
- Non konplè elèv la;
- Dat nesans elèv la;
- Adrès lakay elèv la;
- Si adrès lakay elèv la chanje;
- Nimewo telefòn kay elèv la;
- Non lekòl elèv la;
- Nivo klas aktyèl elèv la;
- Lang yo pale a (yo) kay elèv la;
- Transfè ki fèt nan lòt lekòl, si sa fèt, andedan ak andeyò sistèm eskolè piblik Vil Nouyòk la.

NYC Kids RISE resevwa enfòmasyon sa yo tou pou jiska de (2) paran oswa responsab legal pou chak elèv k ap patisipe:

- Nimewo idantifikasyon inik paran anpou pwogram nan;
- Non konplè paran oswa reprezantan legal la;
- Adrès imèl paran oswa reprezantan legal la;
- Nimewo selilè ak/oswa lòt nimewo telefòn paran oswa responsab legal la.

Se menm enfòmasyon ak sa yo ke w soumèt sou "kat ble" ("blue card") a lè w enskri pitit ou lekòl. Done sa yo pèmèt NYC Kids RISE kreye yon Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) pou tout timoun ki patisipe epi fè yon depo inisyal \$100 sou chak kont yo. NYC Kids RISE swiv direktiv estrik sou konfidansyalite pou tout enfòmasyon fanmi yo bay.

10. Kijan yo itilize enfòmasyon pèsònèl nou yo?

Yo itilize enfòmasyon debaz sa yo ki konsène fanmi k ap patisipe yo pou kreye Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) elèv la, pou yo kontakte fanmi yo konsènan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite (Save for College Program) a epi pou yo kapab evalye siksè pwogram nan.

11. Kisa VistaShare ye, epi nan ki nivo li lye ak Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a (Save for College Program)?

VistaShare se yon konpayi teknoloji ki gen kontra avèk NYC Kids RISE ki founi lojisyèl ki pèmèt estoke yon fason sekirize enfòmasyon pèsònèl ki konsène timoun yo ak paran/responsab legal yo, epi pou kreye Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) pa yo. Lojisyèl VistaShare la, ki rele Siveyans Epay (Savings Tracker), pèmèt manm otorize nan fanmi timoun k ap patisipe yo gade Kont Bousdetid NYC yo a epi pou yo asosye pwòp kont depay pou inivèsite yo a, si yo chwazi fè sa a.

12. Ki enfòmasyon pèsònèl VistaShare pral resevwa sou mwen ak sou pitit mwen an?

VistaShare ap gen aksè ak lojisyèl ki estoke enfòmasyon sou patisipan yo pou li kapab founi sipò teknik. Lojisyèl la estoke enfòmasyon debaz Lekòl Leta Vil Nouyòk yo bay sou fanmi yo, valè lajan pou bousdetid yo alwe pou chak patisipan, ansanm ak enfòmasyon kont la ke yon fanmi te asosye ak Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) pa l la.

13. E si mwen pa vle patisipe?

Pou w fè lekòl ou a konnen ke w pa vle pitit ou a enskri nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite (Save for College Program) nan, ou dwe siyen epi retounen yon fòmilè pou pa patisipe (opt-out form) oswa ou dwe chwazi pou pa patisipe nan Kont Lekòl Vil Nouyòk (NYC Schools Account) ou a nan yon peryòd 30 jou. Lè w fè sa, sa vle di pitit ou a pap resevwa yon Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account), ni investisman \$100 a, ni lajan alavni. Tanpri, al gade fòmilè pou pa patisipe (opt-out form) pitit ou a oswa vizite sitwèb Lekòl Leta Vil Nouyòk, nyckr.org/NYCPS, pou detay espesifik.

14. Si m chwazi pa patisipe nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a (Save for College Program) kounye a, èske mwen ka enskri pitit mwen an yon lòt lè?

Wi, paran ak responsab legal ki pat patisipe men ki chanje lide yo apre epi vle patisipe ka enskri ankò annapre. Fanmi yo gen jiska fen klas senkyèm ane pitit yo a pou yo enskri l ankò. Vizite nyckr.org/NYCPS pou jwenn detay espesifik.

15. Èske mwen ka anile patisipasyon pitit mwen nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a (Save for College Program) apre delè Notifikasyon pou Pa Patisipe a?

Wi, ou ka anile patisipasyon pitit ou a apre ou fin enskri. Vizite nyckr.org/NYCPS pou jwenn detay ak enstriksyon espesifik.

KONT BOUSDETID NYC (NYC SCHOLARSHIP ACCOUNT)

16. Kisa yo ka fè ak lajan ki sou Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) a?

Lajan ki sou Kont Bousdetid NYC la envesti nan NY 529 *Direct Plan* epi yo ka itilize pou yon varyete depans pou edikasyon siperyè ki kalifye. Menm lè yo rele kont 529 la yon kont depay pou inivèsite, kont lan ka sèvi pou peye depans pou edikasyon siperyè ki kalifye nan nenpòt enstitisyon ki elijib nan peyi Etazini oswa aletranje. Anplis inivèsite 4 lane tradisyonèl yo, gen lòt tip enstitisyon ki elijib ki gen ladan yo inivèsite kominotè, lekòl pwofesyonèl ak teknik, pwogram aprantisaj ki elijib, ak pwogram diplòm sou entènèt. Lajan bousdetid la ka sèvi pou frè eskolarite, pèman, ekipman, depans pou chanm ak pansyon, epi menm pou liv, ke souvan lòt bousdetid yo

pa kouvri. Vizite nysaves.org pou jwenn yon lis konplè pou depans ki elijib pou edikasyon siperyè.

Si yon elèv nan Pwogram nan pa reklame lajan ki sou Kont Bousdetid NYC li a nan lesplas 20 ane apre li fini jadendanfan, lajan sa a ap retounen al jwenn NYC Kids RISE pou l sipòte pwochen elèv Pwogram Ekonomize pou Inivèsite (Save for College Program) yo.

Yo paka itilize lajan ki sou Kont Bousdetid NYC la pou okenn depans klas jadendanfan jiska klas 12yèm ane, menm sa ki kalifye selon lwa federal la.

17. Kisa k ap rive Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) pitit mwen an si nou kite distri lekòl aktyèl nou an anvan pitit mwen an gradye nan lekòl segondè?

Depi pitit ou a fin resevwa yon Kont Bousdetid NYC, li ka toujou gen aksè ak kont sa menm si li deplase al nan nenpòt lòt distri lekòl piblik oswa lekòl endepandan (charter schools) k ap patisipe ki nan Vil Nouyòk la. Pitit ou a ap toujou rete elijib tou pou tout avantaj ki lye ak patisipasyon l nan Program Ekonomize pou Inivèsite (Save for College Program) nan. Si pitit ou a kite sistèm lekòl piblik NYC a, pitit ou a ap toujou kapab itilize lajan ki gentan depoze sou Kont Bousdetid NYC li a, men li p ap elijib pou l jwenn okenn lòt rekonpans adisyonèl.

18. Kijan mwen kapab verifye balans Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) pitit mwen an?

Ou kapab gade Kont Bousdetid NYC pitit ou a sou entènèt la sou Siveyans Epay NYC Kids RISE la nan nyckr.org/register-faq. Swiv enstriksyon etap pa etap yo pou kreye yon pwofil epi pou verifye balans kont bousdetid la.

19. Kisa yon "Nimewo Idantifikasyon Elèv" ye epi poukisa m ap bezwen l pou m enskri sou Siveyans Epay la (Savings Tracker)?

Nimewo Idantifikasyon Elèv la se yon nimewo idantifikasyon Lekòl Leta Vil Nouyòk yo (NYC Public Schools) bay pou tout elèv ki nan lekòl leta Vil Nouyòk yo. Siveyans Epay la mande w pou bay nimewo Idantifikasyon Elèv pitit ou a pou yo kapab konfime idantite w epi pou yo kenbe enfòmasyon pitit ou a konfidansyèl. Ou kapab jwenn Nimewo Idantifikasyon Elèv pitit ou a sou kanè lekòl pitit ou a, lè w konekte sou Kont

Lekòl NYC w la nan mystudent.nyc, oswa lè w mande lekòl pitit ou a li. Sonje ke NYC Kids RISE p ap janm kapab wè Nimewo Idantifikasyon Elèv sa a.

20. Kijan ti epay dola ka ede pitit mwen reyalize objektif inivèsite ak karyè li?

Timoun ki gen yon kont depay pou inivèsite ansanm ak yon plan pou edikasyon siperyè yo gen plis chans pou yo ale nan inivèsite epi pou yo gradye. Rechèch yo montre timoun ki gen yon kont depay pou inivèsite ki gen sèlman \$1 rive \$500 yo gen twa fwa plis chans pou yo enskri nan inivèsite epi yo gen kat fwa plis chans pou yo gradye avèk yon diplòm. Nou gen espwa Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) elèv k ap patisipe yo pral ogmante mezi tan ap pase gras ak rekonpans adisyonèl ak Bousdetid Kominotè yo (sa pwal depann de pwofi oswa pèt nan envestisman potansyèl yo), sa ki pral rann inivèsite pi aksesib pou tout timoun.

21. Kijan mwen kapab jwenn plis lajan pou inivèsite pou pitit mwen an?

NYC Kids RISE pral founi opòtinite pou fanmi yo kapab jwenn rekonpans adisyonèl pou Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) pitit yo a. Twa premye rekonpans yo se poutèt yo konplete etap nou rele “3 Blòk Konstriksyon yo.” Twa etap sa yo reprezante fondman patenarya alontèm nou an pou n ekonomize ansanm pou avni pitit ou a. Anplis \$100 inisyal la ki sou Kont Bousdetid NYC pitit ou a, NYC Kids RISE pral depoze yon rekonpans \$25 sou Kont Bousdetid NYC pitit ou a paske li fin konplete chak grenn nan Blòk Konstriksyon sa yo:




Blòk Konstriksyon 1

Aktive epi afiche Kont Bousdetid pitit ou a sou entènèt la nan nyckr.org/register-faq.



Blòk Konstriksyon 2

Louvri epi konekte yon kont depay pou inivèsite ak karyè ke w posede nan non pitit ou a pou w kapab ekonomize pou li ansanm avèk Kont Bousdetid NYC la. Chwazi pami de (2) opsyon ou ka konekte ak kont bousdetid pitit ou a. Jwenn plis enfòmasyon: nyckr.org/options-faq.



Blòk Konstriksyon 3

Depoze \$5 pou pi piti sou kont depay ou ki konekte a pou inivèsite ak karyè.

Depi premye jou klas premye ane a, fanmi ki konplete toule 3 Blòk Konstriksyon yo elijib pou rekonpans **Korespondans Depay** la. NYC Kids RISE pral mete menm valè lajan ou depoze sou kont epay pou inivèsite ak karyè ou genyen ki konekte a, dola pou dola, jiska yon maksimòm \$100.

Rekonpans Blòk Konstriksyon yo (yon total \$75) ak Korespondans Depay (\$100) yo disponib jiska klas senkyèm ane, eksepte pou elèv k ap patisipe ki nan klas senkyèm ane epi ki pi gran yo ki enskri nan Pwogram lan pandan yo nan youn nan 39 lekòl pilòt nan rejyon jeyografik Distri 30 lan. Fanmi yo ka kontinye resevwa rekonpans paske yo konplete 3 Blòk Konstriksyon yo ak Korespondans Depay la jiska dènye jou wityèm ane. Nan moman sa la a, elèv ki te kòmanse jadendanfan nan ane akademik 2021-2022 a, klas premye ane nan ane akademik 2022-2023, klas dezyèm ane nan ane akademik 2023-2024, klas twazyèm ane nan ane akademik 2024-2025, oswa klas katyèm ane nan ane akademik 2025-2026 elijib sèlman pou yo resevwa rekonpans jiska fen peryòd klas senkyèm ane a.

Y ap anonse rekonpans adisyonèl yo bay fanmi k ap patisipe yo alavni.

Depi pitit ou a fin resevwa yon Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account), li ka toujou gen aksè ak kont sa menm si li deplase al nan nenpòt lòt distri piblik oswa lekòl endepandan (charter school) k ap patisipe ki nan Vil Nouyòk la. Pitit ou a ap toujou rete elijib tou pou tout avantaj ki lye ak patisipasyon l. Si pitit ou a kite sistèm lekòl piblik NYC a, pitit ou a ap toujou kapab itilize lajan ki gentan depoze sou Kont Bousdetid NYC li a, men li p ap elijib pou l jwenn okenn lòt rekonpans adisyonèl.

22. Kisa Bousdetid Kominotè yo ye? Kijan yo fonksyone?

Bousdetid Kominotè yo se okazyon pou òganizasyon lokal yo, antrepriz yo, vwazen yo, sistèm yo pou yo travay ansanm pou envesti pi plis nan avni chak timoun epi montre yo ke kominote yo a ap ankouraje siksè yo. Bousdetid Kominotè yo se kontribisyon finasye manm kominote yo bay pou Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) elèv yo atravè don yo fè bay NYC Kids RISE. 100% kontribisyon yo alwe dirèkteman epi yo distribye yo yon fason ki egal, nan yon gwoup Kont Bousdetid NYC elèv yo.

Bousdetid Kominotè yo ankouraje fanmi yo pou yo:

- **Aji ak ekonomize:** Yo bay fanmi yo plis rezon pou yo aktive Kont Bousdetid NYC pitit yo, gade lajan ki sou kont lan, epi swiv etap siplemantè pou yo kapab genyen plis rekonpans.

- **Konstwi richès ak byen:** Yo bay chak elèv yo byen finansye fizik pou inivèsite ak fòmasyon pwofesyonèl, pandan y ap bati richès nan kominote yo ak konbat diferans richès ki genyen ant ras yo.
- **Demontre sipò nan tout kominote a pou jenerasyon pi jèn yo:** Bousdetid Kominotè yo montre timoun yo kòman kominote yo kwè nan rèvinivèsite ak karyè yo! Gras ak Bousdetid Kominotè yo, kominote yo ranfòse atant reyisit yo pou tout timoun epi yo montre fanmi yo ke yo pa poukont yo nan fè ekonomi pou lavni.
- **Ranfòse kominote yo atravè kapital sosyal yo pataje:** Bousdetid Kominotè yo inifye lekòl, fanmi, ak enstitisyon kominotè ansanm ak sistèm ki enpòtan nan lavi yon timoun. Lè nou ranfòse koneksyon sa yo, nou kreye kominote ki pi solid.

Jwenn plis enfòmasyon sou Rezime Pwogram Ekonomize pou Inivèsite (Save for College Program) lan nan nyckr.org/d30brief-faq, epi gade egzanp sou ansyen Bousdetid Kominotè yo nan nyckr.org/CSinfo-faq.

23. Èske m kapab ekonomize pwòp lajan pa m sou Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) pitit mwen an?

Non, fanmi yo pa kapab fè depo sou Kont Bousdetid NYC yon moun. NYC Kids RISE ankouraje fanmi yo pou yo panse louvri pwòp kont depay pou inivèsite ak karyè pa yo epi pou yo konekte yo sou li atravè platfòm nan epi pou yo kòmanse fè depo sou kont sa a. Manm kominote a, ansanm ak òganizasyon ak biznis yo, kapab fè depo sou Kont Bousdetid NYC yon gwoup elèv lè yo fè don bay NYC Kids RISE.

24. Kisa yon kont 529 ye?

Yon kont 529 fèt espesyalman pou ede fanmi yo ekonomize pou edikasyon siperyè. Lajan ki nan yon kont 529 ka ogmante apre yon tan epi vini avèk avantaj fiskal, tankou, revni yo pa touche taks sou yo ak dediksyon potansyèl enpo sou revni eta yo. Sepandan, yo pa ka garanti lajan ki sou kont 529 la pral ogmante epi li ka pèdi valè tou. NY 529 *Direct Plan* se yon plan 529 pou ekonomize pou inivèsite Biwo Kontwolè Eta Nouyòk la (Office of the Comptroller of the State of New York) ansanm ak Kòporasyon pou Sèvis Edikasyon Siperyè nan Nouyòk la (New York Higher Education Services Corporation) administre.

25. Kiyès ki deside kijan pou yo investi lajan pou kont bousdetid yo?

NYC Kids RISE posede epi jere Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) yo epi se li menm ki detèmine kijan pou yo investi lajan yo. Pou jwenn plis enfòmasyon sou NY 529 *Direct Plan* nan ak sou opsyon investisman l yo, ale sou nysaves.org oswa rele [877-NYSAVES \(877-697-2837\)](tel:877-NYSAVES).

26. Èske bousdetid sa a pral entèdi pitit mwen an resevwa lòt bousdetid alavni?

Genyen yon Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) ak resevwa Bousdetid Kominotè (yo) atravè Pwogram Ekonomize pou Inivèsite (Save for College Program) NYC Kids RISE la pa ta dwe anpeche pitit ou a benefisye lòt kalite bousdetid atravè lòt pwogram ak òganizasyon alavni, byenke sa ka depan de kondisyon lòt bousdetid sa yo. Tanpri, analize kondisyon bousdetid sa yo.

27. Kijan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a (Save for College Program) lye ak Bousdetid Excelsior la, pwogram Eta Nouyòk ki pèmèt ou jwenn diplòm gratis la?

Lajan ki nan Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) yo ka sèvi pou lòt bagay anplis frè eskolarite a. Si yon elèv kalifye pou ekolaj gratis nan yon fakilte nan Inivèsite Vil Nouyòk (The City University of New York, CUNY) oswa nan Inivèsite Eta Nouyòk (The State University of New York, SUNY), li kapab itilize lajan ki sou Kont Bousdetid NYC li a pou l jere pil lòt depans ki lye ak inivèsite yo. Depans sa yo gen ladan yo liv, founiti, òdinatè, ansanm ak kèk frè pou chanm ak pansyon. Epi tou, Kont Bousdetid NYC yo ka sèvi nan pifò inivèsite ak pwogram pwofesyonèl ki dire ant de ak kat lane yo nan peyi Etazini, ak nan kèk lòt peyi.

28. Kijan pitit mwen an kapab gen aksè ak lajan an lè li ale nan inivèsite?

NYC Kids RISE pral founi elèv yo ansanm ak paran/responsab legal yo enfòmasyon sou kijan pou yo gen aksè ak Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) yo lè elèv yo nan lekòl segondè.

29. Èske gen yon dat limit pou pitit mwen an itilize lajan ki sou kont bousdetid li a?

Dat limit pou itilize lajan ki sou Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) la se 20 lane apre elèv la fini klas jadendanfan li. Pa egzanp, elèv ki fini klas jadendanfan nan mwa jen 2025 yo, pral kapab aplike pou lajan bousdetid yo epi itilize yo pou depans ki lye ak inivèsite oswa fòmasyon pwofesyonèl ki kalifye yo jiska 30 jen 2045. Si gen kèk lajan yo pa reklame ki rete apre dat limit la, lajan sa yo pral retounen jwenn NYC Kids RISE pou yo kapab sipòte Pwogram Ekonomize pou Inivèsite (Save for College Program) pandan ane k ap vini yo.

30. Èske yo kapab transfere lajan ki sou Kont Bousdetid NYC a (NYC Scholarship Account) sou kont yon lòt timoun si pitit mwen pa itilize l?

Non, Kont Bousdetid NYC la fèt espesyalman pou edikasyon pitit ou a apre li fini lekòl segondè. Yo pa ka transfere lajan ki sou kont bousdetid la sou kont yon lòt timoun.

31. Nan ki fason lè w genyen yon Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) sa afekte kalifikasyon pou benefis piblik yo?

Poutèt se NYC Kids RISE ki posede epi jere Kont Bousdetid NYC yo, genyen yon kont bousdetid **pa** gen enpak sou aplikasyon yon elèv oswa fanmi l pou avantaj sosyal. Si yon fanmi ekonomize lajan sou pwòp kont depay pou inivèsite ak karyè pwofesyonèl li, aktif sa a ka gen enpak sou yon seri benefis. Pou jwenn plis enfòmasyon sou kòman lè w kontribye sou pwòp kont depay pou inivèsite ak karyè, sa kapab gen enpak sou avantaj ou yo, ale sou sitwèb nyckr.org/infomaterials-faq epi telechaje feyè "Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a ak Avantaj Piblik yo (The Save for College Program and Public Benefits)".

32. Kijan genyen yon Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) ap afekte lwaye mwen si m rete nan Lojman Otorite Lojman Vil Nouyòk (NYCHA)?

Poutèt se NYC Kids RISE ki posede epi jere Kont Bousdetid NYC yo, lè w genyen yon kont bousdetid, sa pa gen enpak sou aplikasyon oswa lwaye yon elèv oswa fanmi l pou Otorite Lojman Vil New York oswa pou sipò lojman atravè Depatman pou Prezèvasyon ak Devlopman Lojman nan NYC (NYC

Department of Housing Preservation and Development). Si yon fanmi ekonomize lajan sou pwòp kont epay pou inivèsite ak karyè li, yo ka konsidere atou sa a nan pwosesis aplikasyon an. Pou jwenn plis enfòmasyon sou kijan yon kont depay ka gen enpak sou avantaj piblik ou yo, ale sou nyckr.org/infomaterials-faq epi egzamine feyè "Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a ak Avantaj Piblik yo (The Save for College Program and Public Benefits)" la.

33. Nan ki fason lè w genyen yon Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) sa afekte kalifikasyon pou èd finansye?

Paske NYC Kids RISE posede ak jere Kont Bousdetid NYC yo, gen yon kont bousdetid **pa** gen enpak sou kalifikasyon yon elèv pou l resevwa èd finansye pandan lajan an nan kont lan. Lè pitit ou ap pre rive nan lè pou inivèsite ak fòmasyon pwofesyonèl, NYC Kids RISE ap bay plis enfòmasyon lè pitit ou a sou fason itilizasyon lajan ki sou kont bousdetid la pou edikasyon pitit ou a ka afekte kalifikasyon l pou l resevwa èd finansye lè lajan an depanse. Ka gen enpak, ka pa genyen.

Si yon fanmi ekonomize lajan sou pwòp kont depay pou inivèsite li, ekonomi sa yo ka gen enpak sou pwogram èd finansye elèv la. Pou jwenn plis enfòmasyon sou kòman lè w kontribye nan pwòp kont depay pou inivèsite ak karyè w, sa ka gen enpak sou kalifikasyon elèv ou a pou l resevwa èd finansye selon règ aktyèl sou èd finansyeyo, ale sou sitwèb nyckr.org/infomaterials-faq epi telechaje feyè "Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a ak Enpak li sou Èd Finansye Alavni (The Save for College Program and Impact on Future Financial Aid)" pou jwenn plis enfòmasyon. Tanpri, sonje ke règ sou èd finansye sa yo chanje souvan ofiramezi tan ap pase.

34. Èske lajan pou bousdetid la ka sèvi pou nenpòt pwogram edikasyon espesyal?

Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) yo, annako ak règ NY 529 *Direct Plan* yo, ka sèvi pou kouvri kèk sèvis pou elèv ki gen bezwen espesyal ki gen rapò ak enskripsyon ak prezans yo nan enstitisyon edikatif ki elijib yo. Gen kèk enstitisyon edikatif ki elijib ki gen pwogram ak sipò ki anplas pou elèv ki gen bezwen espesyal. Pou verifye si yon lekòl oswa yon pwogram an patikilye elijib, ale sou <https://studentaid.gov/understand-aid/eligibility/requirements/intellectual-disabilities>.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou tip depans ki elijib nan kad NY 529 *Direct Plan*, ni depans pou elèv ki gen bezwen espesyal yo, kontakte NY 529 nan [877-NYSAVES \(877-697-2837\)](tel:877-NYSAVES) oswa ale sou nysaves.org.

35. E si pitit mwen an pa ale nan inivèsite?

Si yon timoun nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite (Save for College Program) nan pa nan kolèj oswa inivèsite, lajan ki sou Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) li a kapab toujou sèvi pou peye frè ak depans ki kalifye yo nan lekòl komès ak lekòl pwofesyonèl yo, pwogram aprantisaj ki elijib yo, ak pwogram anliy ki bay diplòm yo. Si yon elèv nan Pwogram nan pa reklame lajan ki sou Kont Bousdetid NYC li a pou li kouvri depans pou edikasyon siperyè ki kalifye yo nan nenpòt enstitisyon elijib nan lespas 20 lane apre li fini jadendanfan, alèkile lajan sa a pral retounen jwenn NYC Kids RISE pou li kapab sipòte pwochen elèv ki nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite nan.

PWÒP KONT DEPAY PA W POU INIVÈSITE

36. Ki opsyon mwen genyen pou m fè ekonomi atravè Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a (Save for College Program)?

Gen plizyè fason pou ekonomize pou inivèsite ak fòmasyon pwofesyonèl. Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a bay de opsyon pou kont depay pou inivèsite ak karyè ke w kapab louvri epi konekte ak Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) pitit ou a:

1. Yon Kont NY 529 *Direct Plan* (yon kalite kont investisman ki fèt espesyalman pou ede fanmi yo ekonomize pou inivèsite ak fòmasyon pwofesyonèl); epi
2. Yon kont epay tradisyonèl nan Amalgamated Bank, ki rele Kont Ekonomize pou Inivèsite nan Amalgamated Bank.

Gen de lòt fason pou ekonomize anplis opsyon sa yo. Ou ka vle eseye lòt mwayen yo pou wè si yo ka pi byen reponn ak bezwen oswa sikonstans patikilye w la. Sepandan, karakteristik ak avantaj espesifik Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a bay pou kont depay pou inivèsite ak karyè yo disponib sèlman pou opsyon yo bay nan pwogram nan. NYC

Kids RISE pa bay konsèy sou investisman ni rekòmande okenn tip kont depay pou inivèsite an patikilye.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou opsyon sa yo ak sou kijan pou louvri yon kont, ale sou nyckr.org/options-faq, kontakte NYC Kids RISE lè w rele nan [833-543-7473](tel:833-543-7473) oswa voye yon imèl bay info@nyckidsrise.org, oswa patisipe nan yon pwochen atelye vityèl Pwogram Ekonomize pou Inivèsite lan nan nyckr.org/events-faq.

37. Nan ki fason yon kont 529 diferan parapò ak yon kont labank?

Ni kont labank yo ni kont 529 yo se de opsyon pou ekonomize pou inivèsite ak fòmasyon pwofesyonèl. Sepandan, yo investi lajan ki sou kont 529 yo nan mache finansye, ki gen alafwa risk potansyèl ki pi gwo ak rekonpans potansyèl ki pi gwo. Yon kont depay nan yon bank ki pi tradisyonèl, okontrè, souvan gen asirans Kòporasyon Asirans Depo Federal (Federal Deposit Insurance Corporation) ki ekivo jiska \$250,000.² Lè w depoze lajan sou yon kont 529, ak sou NY 529 *Direct Plan*, sa vini tou ak kèk benefis fiskal ki pa egziste nan pifò kont labank yo.

Kont 529 yo fèt espesyalman pou fanmi k ap ekonomize pou edikasyon yon timoun apre lekòl segondè. Si yo itilize yon retrè sou kont 529 la pou nenpòt lòt bagay ki pa depans edikatif ki kalifye yo, yo ka pran enpo sou pati nan retrè a kòm enpo òdinè epi fanmi yo ka peye yon penalite 10% sou gen yo. Retrè a ka depann de enpo eta ak enpo lokal yo tou.

38. E si m gentan gen yon kont 529 ki louvri pou pitit mwen an?

Si w gentan gen yon kont 529 nan NY 529 *Direct Plan* kote pitit ou a se benefisyè a, w ap gen posiblite pou konekte kont sa ak Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) pitit ou a epi pou gade balans toudè kont yo yon sèl kote. Pou jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou konekte kont yo, ale sou nyckr.org/infomaterials-faq epi revize feyè "Kijan pou Louvri yon Kont 529 *Direct Plan*" (How to Open a 529 Direct Plan Account).

Si ou deja genyen yon kont 529 nan plan 529 yon lòt eta a, ou ka kontinye sèvi ak kont sa a, men li p ap kalifye pou fonksyon espesifik ak avantaj Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a (Save for College Program) ofri.

²Limit kouvèti asirans depo estanda a se \$250,000 pou chak depozitè, nan chak bank ke Sosyete Federal pou Asirans Depo a (Federal Deposit Insurance Corporation, FDIC) asire, pou chak kategori pwopriyete. Depo ki nan diferan kategori pwopriyete yo asire separeman, jiska omwen \$250,000, menm si se nan menm bank lan yo ye.

Pwogram Ekonomize pou Inivèsite NYC Kids RISE la pa bay konsèy sou investisman, epi yo pa fè okenn rekòmandasyon sou adekwasyon yon investisman nan dokiman sa a.

39. Kisa k ap rive si yon elèv pa kapab itilize kont NY 529 Direct Plan li an pou l peye depans ki kalifye yo?

Yo ka pran enpo federal, enpo eta epi lokal ki aplikab sou gen pou retrè sou kont plan 529 la ki pa sèvi pou depans ki kalifye yo, ansanm ak yon penalite federal 10% tou. Sepandan, yo ka pran enpo federal ak enpo eta epi lokal ki aplikab sou gen pou retrè ki fèt akòz yon andikap yo, men penalite 10% an pa ladan l.

40. Kijan mwen dwe panse sou epay pou inivèsite ak karyè yo si m gen lòt priyorite depay oswa dèt?

Tout moun pa gen menm sitiyasyon finansye. Pou jwenn èd pèsonalize, panse mande konsèy yon pwofesyonèl investisman oswa ale nan yon Sant Otonomizasyon Finansye nan NYC pou jwenn konsèy finansye gratis. Nan Sant Otonomizasyon Finansye ki nan Vil la, ou kapab reyini nan tèt-atèt avèk yon konseye finansye pwofesyonèl ki kapab ede w kreye yon bidjè epi ede w ekonomize epi fè planifikasyon pou lavni, ni pou edikasyon siperyè. Epi tou, konseye yo kapab ede w peye dèt, amelyore kredi w, louvri yon kont labank, ak plis toujou. Pou pran yon randevou nan yon Sant ki toupre ou, vizite nyc.gov/talkmoney.

41. Ki kalite opòtinite pou edikasyon finansye Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a (Save for College Program) ofri?

NYC Kids RISE founi zouti ak enfòmasyon pou fanmi yo kapab devlope pwòp plan pou ekonomize pou inivèsite ak karyè pa yo. Plan sa yo gen ladan yo atelye ak evènman nan lekòl pitit ou a kote ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou opsyon depay pou inivèsite ak karyè yo ansanm ak resous pou otonomizasyon finansye ki disponib pou ou yo. Ou kapab jwenn yon kalandriye atelye travay vityèl Pwogram Ekonomize pou Inivèsite nan nyckr.org/events-faq.

NYC Kids RISE te kolabore tou avèk Lekòl Leta Vil Nouyòk yo (NYC Public Schools) pou yo devlope pwogram finansye ki eksitan epi ki entèaktif pou elèv k ap patisipe yo.

Gid Ekstansyon Pwogram Ekonomize pou Inivèsite NYC Kids RISE la se yon eksplorasyon eksitan ak entèaktif nan konsèp

ki fèt pou sipòte edikasyon finansye pou tout klas k ap patisipe yo. Sa gen ladann ekstansyon kourikoulòm pou enköpore nan salklas K-3 nan tout vil la ak nan salklas K-5 nan Lekòl Distri 30 yo. Ekstansyon yo bay yon resous pou lekòl yo ak pwofesè yo enköpore leson sou lajan, epay, ak fason sa yo gen rapò ak avni inivèsite ak karyè elèv yo.

Kontni leson sa yo genyen adaptasyon ki soti nan Pwogram FDIC Money Smart epi yo konfòm ak nòm yo e yo entèdisiplinè. Kòm sa a se yon gid kourikoulòm li ye, leson yo fèt pou modifiye yo jan sa nesese. Kourikoulòm sa a pa fèt pou yo itilize l poukont li, men yo kapab enköpore li atravè domèn kontni ak aktivite pou anrichi l ak pwolonje l pou ede elèv yo bati yon fondasyon k ap pèmèt yo vin adilt ki an sante sou plan finansye.

Pou kesyon konsènan ekstansyon kourikoulòm yo, voye yon imèl bay savingtogether@schools.nyc.gov.

42. Kijan mwen kapab louvri yon kont depay pou inivèsite ak karyè?

Ale sou sitwèb nyckr.org/options-faq oswa patisipe nan yon atelye vityèl Pwogram Ekonomize pou Inivèsite (Save for College Program) lan nan nyckr.org/events-faq pou w kapab jwenn enstriksyon ak sipò. Epi tou, ou kapab kontakte liy dirèk NYC Kids RISE lè w rele [\(833\) 543-7473](tel:833-543-7473) oswa lè w voye yon imèl nan info@nyckidsrise.org.

43. Kijan m ap fè konnen ki opsyon depay pou inivèsite ak karyè ki pi bon pou mwen?

Gen plizyè fason pou ekonomize pou fòmasyon inivèsite oswa pwofesyonèl. Ale sou sitwèb nyckr.org/options-faq oswa patisipe nan yon atelye vityèl Pwogram Ekonomize pou Inivèsite (Save for College Program) lan nan nyckr.org/events-faq pou w kapab jwenn zouti ak enfòmasyon pou konpare opsyon w yo. Pou jwenn enfòmasyon ki detaye sou NY 529 Direct Plan, ale sou nysaves.org oswa rele nan [\(877-697-2834\)](tel:877-NYSAVES).

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Kont Ekonomize pou Inivèsite nan Amalgamated Bank, ale nan nenpòt sikisal Amalgamated Bank nan amalgamatedbank.com/find-a-branch-or-atm oswa rele [800-662-0860](tel:800-662-0860).

Epi tou, pifò lòt eta yo ofri pwòp plan depay 529 yo, epi gen lòt bank ki disponib pou ede w ekonomize tou. Tout sa yo kapab ede w reyalize objektif depay pou inivèsite w yo. Sepandan, lòt opsyon yo pa lye ak Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a. NYC Kids RISE ankouraje tout fanmi pou yo eksplòre divès opsyon depay pou inivèsite ak karyè epi li pa bay konsèy sou

investisman. Ou dwe konsidere pwòp sikonstans pa w avan w kòmanse ekonomize oswa envesti, epi ou ka vle chèche konsèy yon pwofesyonèl investisman.

44. Èske m bezwen louvri pwòp kont depay pou inivèsite ak karyè pa m pou m kapab enskri nan pwogram nan?

Non, ou pa bezwen louvri pwòp kont depay pou inivèsite ak karyè pa w ni w pa bezwen depoze okenn lajan pou timoun ou an kapab enskri nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a (Save for College Program) ni w pa bezwen gen yon kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) pou pitit ou a. Sepandan, NYC Kids RISE ankouraje tout fanmi pou yo eksplwate opsyon yo epi pou yo louvri pwòp kont depay pa yo pou pitit yo. Pou jwenn sipò, kontakte NYC Kids RISE lè w rele nan [833-543-7473](tel:833-543-7473), voye yon imèl bay info@nyckidsrise.org, oswa lè w patisipe nan yon atelye vityèl Pwogram Ekonomize pou Inivèsite nan nyckr.org/events-faq.

KORESPONDANS DEPAY LA

45. Kòman Korespondans Depay la fonksyone?

Depi premye jou klas premye ane a, fanmi ki konplete toule 3 Blòk Konstriksyon yo elijib pou rekonpans inik Korespondans Depay la. NYC Kids RISE pral mete menm valè lajan ou depoze sou kont epay pou inivèsite ak karyè ou genyen ki konekte a, dola pou dola, jiska yon maksimòm \$100.

Toutotan w konekte yon kont depay pou inivèsite ak Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) pitit ou a (Blòk Konstriksyon 2), NYC Kids RISE kapab kontwole depo fanmi w yo epi l ap depoze menm montan an otomatikman.

Rekonpans Blòk Konstriksyon yo ansanm ak Korespondans Depay yo disponib jiska klas senkyèm ane, eksepte pou elèv k ap patisipe ki nan klas senkyèm ane epi ki pi gran yo ki enskri nan Pwogram lan pandan yo nan youn nan 39 lekòl pilòt nan rejyon jeyografik Distri 30 lan. Fanmi yo ka kontinye resevwa rekonpans paske yo konplete 3 Blòk Konstriksyon yo ak Korespondans Depay la jiska dènye jou wityèm ane. Nan moman sa la a, sa pa aplike pou elèv ki te kòmanse jadendanfan nan ane akademik 2021-2022, klas premye ane nan ane akademik 2022-2023, klas dezyèm ane nan ane akademik 2023-2024, klas twazyèm ane nan ane akademik 2024-2025, oswa klas katyèm ane nan ane akademik 2025-2026 sèlman elijib pou yo resevwa rekonpans jiska fen peryòd klas senkyèm ane a.

46. Kijan m ap fè konnen si kont pitit mwen an resevwa Korespondans Depay la?

Pou wè lajan NYC Kids RISE depoze sou Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) pitit ou a, retounen konekte w sou Siveyans Epay la a nan nyckr.org/login-faq epi glise desann sou seksyon ki rele "Kont Depay pou Inivèsite ak Karyè Ou yo." Klike sou onglè ki make "Scholarship Account" (Kont Bousdetid) la epi glise desann pou wè lis tranzaksyon yo. W ap wè yon tranzaksyon ki make "Savings Match" (Korespondans Depay) pou chak depo ki kalifye ki fèt sou kont depay pou inivèsite ki konekte a.

47. Ki kantite lajan mwen dwe kòmanse ekonomize regilyèman sou kont depay pou inivèsite ak karyè mwen genyen pou pitit mwen an?

Sitiyasyon tout moun pa menm. Epay pou inivèsite ak karyè se yon eleman enpòtan nan sante finansye jeneral yon fanmi. Pou deside ki kantite lajan pou ekonomize pou inivèsite ak fòmasyon pwofesyonèl, sa depann de sikonstans finansye endividyèl ou, epitou sa depann de revni, byen, dèt, depans regilye, avantaj piblik ak kredi ou. NYC Kids RISE ankouraje tout fanmi yo pou yo kòmanse depoze nenpòt montan ki fè sans pou yo. Lè w kòmanse pandan pitit ou a jèn nan, sa ka pote yon gwo chanjman, kèlkeswa nivo montan an.

Pou jwenn sipò pèsonalize gratis pou entegre epay nan sitiyaasyon finansye global ou, panse ale nan youn nan Sant Otonomizasyon Finansye NYC yo ki toupatou nan vil la. Nan Sant Otonomizasyon Finansye yo, ou kapab reyini tèt-atèt avèk yon konseye finansye pwofesyonèl ki kapab ede w jere dèt ou, amelyore kredi w, kreye yon bidjè, louvri yon kont labank, ekonomize epi fè planifikasyon pou avni w, ak plis toujou. Ou kapab jwenn enfòmasyon tou sou kijan pou ekonomize pou inivèsite ak edikasyon pwofesyonèl pitit ou a epi pou fè yon plan pou kòmanse ekonomize.

Pou pran yon randevou nan youn nan Sant Otonomizasyon Finansye ki toupre ou, rele 311 oswa ale sou nyc.gov/talkmoney.

NYC Kids RISE se yon òganizasyon ki pa gen kòm objektif pou fè pwofi k ap travay ak Vil New York la ansanm ak Lekòl Leta Vil Nouyòk (Depatman Edikasyon NYC) pou jere Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a (Save for College Program).